

TITLE IX PWOSEDI SOU DOLEYANS YO

KI JAN POU DEPOZE YON PLENT SOU DISKRIMINASYON POU DISKRIMINASYON SÈKSYÈL, KI GEN LADAN ASÈLMAN SÈKSYÈL

Distri a te etabli yon kantite metòd pou depoze plent diskriminasyon sou baz sèks, tankou plent pou asèlman seksyèl. Metòd sa yo gen ladan:

1. Ranpli yon rapò sou entènèt sou sitwèb Lekòl Piblik Norwalk yo oswa sou entranèt.
2. Ranpli yon fòm plent sou papyè, ki disponib nan biwo konsèy eskolè ou la.
3. Kontakte Kowòdonatè Title IX la, sèvi avèk enfòmasyon kontak yo bay sou sitwèb la oswa Kowòdonatè Title IX Distri a.
4. Kontakte Biwo Dwa Sivil Depatman Edikasyon Etazini an (United States Department of Education's Office for Civil Rights ["OCR"]) pou rapòte diskriminasyon lè w ekri yon lèt oswa depoze yon fòm plent nan: <https://www2.ed.gov/about/offices/list/ocr/docs/howto.html?src=rt>

TRETMAN DOLEYANS YO

Distri a gen de (2) seri pwosedi doleyans pou trete plent sou diskriminasyon ki baze sou sèks, kote toulede pwopoze yon rezolisyon rapid epi ki ekitab pou plent ki pretann gen rapò ak diskriminasyon.

1. Pwosesis tretman plent diskriminasyon sèksyèl ki PA gen ladan akizasyon asèlman seksyèl

Distri a pral trete plent diskriminasyon ki baze sou sèks oswa sou diferans natirèl ki pa gen ladan yon akizasyon asèlman seksyèl selon règleman ak pwosedi ankèt ki nòmal anrapò ak plent pou move konduit.

2. Pwosesis tretman doleyans asèlman seksyèl

Plent fòmèl sou asèlman seksyèl epi plent ki gen ladan akizasyon asèlman seksyèl ki deklannche yon tretman doleyans espesifik ki kapab prezante anba a.

DWA PATI YO PANDAN TRETMAN DOLEYANS SA A

Pandan tretman doleyans pou plent fòmèl sou asèlman seksyèl, règleman Title IX yo bay pati yo garanti yon kantite dwa, tankou:

1. Sipoze akize a pa responsab konduit yo repwoche a jiskaske yo pran yon rezolisyon konsènan responsablite nan fen tretman doleyans la.
2. Opòtinite ekitab pou (i) prezante temwen ak lòt prèv, epi (ii) kontwole ak egzamine tout prèv yo jwenn nan kad ankèt la ki gen rapò dirèk ak akizasyon yo nan plent fòmèl la.

3. Pwoteksyon kont obligasyon pou pataje enfòmasyon yon privilèj kouvri ki rekonèt yon fason legal, tankou komunikasyon ak yon doktè, sikyat, sikològ, klèje, avoka oswa travayè sosyal oswa dosye yo kenbe.
4. Evalyasyon moun ka fè konfyans ki pa baze sou oswa detèmine alavans tou senpleman apati estati yon moun kòm moun ki fè plent, moun ki akize, oswa temwen.
5. Evalyasyon objektif tout prèv ki enpòtan.
6. Pa gen konfli enterè oswa patipri bò kote anketè yo oswa moun k ap pran desizyon yo pou oswa kont yon moun ki fè plent oswa yon akize, oswa pou oswa kont moun ki fè plent yo oswa akize yo an jeneral.
7. Dwa pou genyen sou pwòp frè pati a yon konseye li chwazi, ki kapab yon avoka, men li pa oblije sa.
8. Dwa pou youn oswa lòt pati a fè apèl kont yon desizyon ki pa favorab bò kote moun ki pran desizyon pou fè apèl la.
9. Dwa pou pouswiv yon pwosesis rezolisyon enfòmèl pou trete plent yo, lè nou konnen youn oswa lòt pati a ka chwazi soti nan pwosesis rezolisyon sa a nan nenpòt moman anvan yo rive nan yon akò ki soti nan pwosesis rezolisyon enfòmèl sa a, epi lè nou konnen si youn oswa toulede pati yo pa ta patisipe nan pwosesis rezolisyon enfòmèl la, ankèt la ak rezolisyon plent fòmèl la pral kòmanse oswa rekòmanse.
10. Dwa pou yo pa menase oswa sanksyone pou depoze yon plent oswa pou patisipe kòm temwen nan non youn nan pati yo.

KONBYEN TAN TRETMAN DOLEYANS LA PRAL PRAN?

Tretman doleyans la gen plizyè eleman, tankou:

1. **Ankèt la;**
2. **Dwa pati yo genyen pou egzamine epi fè kòmantè sou prèv yo anvan yo fini rapò ankèt la;**
3. **Reyalizasyon rapò ankèt la;**
4. **Dwa pati yo genyen pou egzamine epi fè kòmantè sou rapò ankèt la;**
5. **Dwa pati yo genyen pou yo soumèt kesyon moun k ap pran desizyon pou lòt pati a oswa temwen yo poze;**
6. Dwa pou yo bay repons ak tout kesyon moun k ap pran desizyon an jije ki enpòtan epi ki apwopriye, ansanm ak dwa limite li genyen pou poze kesyon anrapò ak suivi pou moun ki pran desizyon an;
7. Desizyon an baze sou rezilta ankèt la, pou detèmine si asèlman seksyèl te fèt oswa si li pa t fèt jan sa defini nan Title IX la epi li prezante motif rezolisyon sa a;

8. Dwa ki genyen nan sikonstans limite pou fè apèl kont rezolasyon moun ki pran desizyon an;
9. Rezolasyon apèl sa a.

Tout tretman an pral fini nan yon delè ki rapid nan yon fason ki rezonab, Distri a estime ak 90 jou eskolè depi li resevwa plent fòmèl la.

Reta tanporè oswa pwolongasyon limite nan delè yo kapab otorize pa mwayen anketè a oswa moun k ap pran desizyon an (yo) pou yon bon rezon avèk yon avi alekri bay moun ki fè plent lan ak akize a konsènan reta oswa pwolongasyon an ak motif aksyon sa a. Motif valab yo ka gen ladan, men yo pa pral nesèsman limite ak, konsiderasyon tankou: absans yon pati, yon konseye pati, oswa yon temwen; yon aktivite jeneral nan lapolis la oswa nan Depatman Timoun ak Fanmi ["Department of Children & Families, DCF"]; pati yo soumèt yon pwosesis rezolasyon enfòmèl, bezwen pou tradiksyon oswa asistans nan lang ki sanble; oswa bezwen enstalasyon pou andikape.

KISA KI RIVE PANDAN PERYÒD ANKÈT SOU TRETMAN DOLEYANS YO?

Lè yo resevwa yon plent fòmèl, Kowòdonatè Title IX la pral bay pati yo konnen yo yon avi alekri sou tretman doleyans yo -- ki gen ladan posiblite pou pouswiv yon rezolasyon enfòmèl - ansanm ak akizasyon espesifik sou asèlman seksyèl ak lòt enfòmasyon Title IX la egzije ansanm ak règleman li yo.

Ankèt Distri a pral rapid, total, epi san patipri. Responsablite pou rasanble prèv ki apwopriye pou rive detèmine si swadizan asèlman seksyèl la te fèt oswa si li pa t fèt tonbe finalman sou Distri a, men se pa sou pati yo. An menm tan, kòm règleman Title IX la limite kapasite Distri a genyen pou fòse pati yo ak temwen yo kolabore, kapasite li genyen pou jwenn ase prèv yo plis depann sou patisipasyon volontè ak bon volontè pati yo ak temwen yo chak genyen nan pwosesis la.

Ankèt la ka gen ladan, men li pa sèlman limite ak, sa ki annapre yo:

1. Entèvyou pati yo ak/oswa temwen yo;
2. Demann pou deklarasyon alekri nan men pati yo ak/oswa temwen yo; ak/oswa
3. Egzamine ak ranmase dokiman oswa enfòmasyon ki enpòtan.

Anketè a pral fè yon rapò ankèt ekilibre ki rezime prèv ki enpòtan yo.

Sepandan, anvan yo fini rapò ankèt la, yo pral bay chak pati ak konseye yo, si yo genyen, opòtinite pou egzamine prèv anketè a rasanble yo. Pati yo ap gen 10 jou lekòl pou soumèt yon repons alekri sou prèv anketè a te ba yo a. Yo pral bay chak pati repons alekri lòt pati a tou.

Anketè a pral egzamine epi konsidere repons alekri sa yo anvan li fin ranpli rapò ankèt la, men anketè a pa ni oblije adopte yo oswa oblije mete yo nan rapò ankèt la.

Aprè anketè a te konsidere tout repons alekri pati yo te bay konsènan prèv anketè a te bay yo, anketè a pral prepare epi voye rapò final ankèt la bay chak pati ak konseye yo genyen yo, si genyen,

pou yo egzamine l epi bay yon repons alekri. Yo pral bay lòt pati a yon kopi nan repons alekri sa a tou. Pati yo ak konseye yo genyen yo, si genyen, pral gen 10 jou lekòl pou reponn rapò a alekri. Si okenn pati pa reponn alekri nan 10 jou lekòl, anketè a pral bay moun k ap pran desizyon an yon kopi rapò final ankèt la.

Si youn oswa toulede pati yo oswa konseye yo genyen yo soumèt yon repons alekri nan rapò ankèt la, anketè a pral egzamine epi konsidere repons alekri sa yo anvan li voye rapò ankèt la bay moun k ap pran desizyon an, men anketè a pa oblije adopte oswa mete nan rapò final la repons ekri yo.

Sepandan, anketè a pral ajoute nan rapò ankèt la repons ekri chak pati yo, si genyen.

Rapò ankèt la pral gen yon karaktè konsiltatif epi li p ap fòse moun k ap pran desizyon an pran yon desizyon, yon plan aksyon oswa yon dispozisyon pou rekou an patikilye.

KISA K AP PASE APRE RAPÒ ANKÈT LA FINI?

Aprè yo fin resevwa yon kopi rapò ankèt la ak repons alekri pati yo – si genyen-- moun ki pran desizyon an pral bay chak pati yo opòtinite pou yo soumèt pou pita 10 jou kalandriye kesyon alekri ki enpòtan pati a vle poze nenpòt lòt pati oswa temwen. Moun k ap pran desizyon an pa oblije poze yon kesyon li konsidere ki pa enpòtan oswa ki pa apwopriye.

Moun k ap pran desizyon an pral poze kesyon sa yo li jije ki enpòtan epi ki apwopriye ak moun ki konsène a. Lè sa a, moun k ap pran desizyon an pral bay chak pati repons pou kesyon sa yo epi li pral pèmèt chak pati yo poze lòt kesyon swivi ki limite, moun k ap pran desizyon an pral poze kesyon nan limit yo konsidere yo enpòtan oswa apwopriye.

Tanpri Sonje: Tout kesyon moun k ap pran desizyon an pral poze ak moun ki konsène a swa nan kad yon reyinyon - swa an pèsòn oswa sou entènèt- ant moun k ap pran desizyon an ak moun nan, oswa pa mwayen komunikasyon alekri oswa oral ant moun k ap pran desizyon an ak moun nan. **Pa pral gen okenn odvans fòmèl oswa enfòmèl**, epi okenn nan pati yo oswa konseye pati yo, si genyen, yo pa pral otorize yo pou yo prezan oswa patisipe nan tout kesyon moun k ap pran desizyon an poze.

Aprè moun k ap pran desizyon an fin egzamine rapò ankèt la epi kesyone tout moun jan moun k ap pran desizyon an konsidere sa apwopriye, moun k ap pran desizyon an pral pwopoze yon rezolisyon alekri konsènan responsablite a selon Title IX ansanm ak règleman li yo. Desizyon ekri a pral gen ladan, pami lòt bagay yo:

1. Konklizyon sou enfòmasyon k ap sipòte rezolisyon an
2. Rezon rezolisyon an; epi
3. Tout sanksyon disiplinè moun ki pran desizyon an rekòmande pou enpoze ak tout dispozisyon ki jije nesèsè pou retabli oswa prezève aksè ekitab pou moun ki fè plent la nan pwogram oswa aktivite edikatif Distri a.

ÈSKE MWEN KA FÈ APÈL KONT REZOLISYON KOMISYON AN?

Nenpòt pati ka fè apèl kont rezolisyon moun k ap pran desizyon an konsènan responsablite a nan 10 jou lekòl apre yo te pibliye l. Yon moun ki fè plent tou gen dwa pou fè apèl kont desizyon obligatwa oswa ki diskite nan Distri a ki refize yon plent.

Nenpòt pati ka depoze yon apèl lè li fè yon demann alekri bay Kowòdonatè Title IX la ki esplike rezon apèl la.

Apèl yo limite pou rezon sa yo:

1. Yon iregilarite nan nivo pwosedi a ki te gen yon enpak enpòtan sou rezilta pwoblèm nan;
2. Nouvo prèv ki pa t yon fason rezonab disponib nan moman kote rezolisyon responsablite a te fèt oswa yon revokasyon epi ki ta ka gen yon enpak enpòtan sou rezilta pwoblèm nan; oswa
3. Kowòdonatè Title IX la, anketè, oswa moun k ap pran desizyon an te gen yon konfli enterè oswa patipri pou oswa kont moun ki fè plent lan oswa akize a oswa pou oswa kont moun ki fè plent yo oswa akize yo an jeneral ki ase pisan pou gen yon enpak enpòtan sou rezilta pwoblèm nan.

KI SA TRETMAN APÈL LA YE?

Lè yo resevwa yon apèl nan dat limit yo, Kowòdonatè Title IX la pral fè pati yo konnen yo te depoze yon apèl. Kowòdonatè Title IX la pral chwazi tou yon moun k ap pran desizyon nan kad apèl la pou egzamine apèl la epi li pral fè pati yo konnen idantite ak enfòmasyon kontak moun k ap pran desizyon nan kad apèl la.

Moun k ap pran desizyon nan kad apèl la pral fè pati yo konnen pwosedi apèl yo epi li pral etabli yon orè pou pati yo soumèt yon deklarasyon alekri pou sipòte, oswa pou konteste, rezolisyon moun k ap pran desizyon an pran.

Lè li fin egzamine deklarasyon alekri toulède pati yo, evalyatè a pral pwopoze yon desizyon alekri, li pral prezante desizyon apèl la epi esplike an detay motif rezilta sa a. Desizyon moun k ap pran desizyon nan kad apèl la pral pran an ap definitif epi li pral obligatwa pou pati yo.

KI MWAYEN REKOU KI DISPONIB NAN KAD PWOSEDI DOLEYANS SA A?

Rekou nan kad pwosedi doleyans sa a dwe fèt pou retabli oswa prezève aksè ekritab nan pwogram oswa aktivite edikatif la. Rekou posib yo ka gen ladan, men yo pa limite ak:

konsèy, akonpayman sekirite, lòd san kontak, oswa yon chanjman nan klas yo. Kowòdonatè Title IX la responsab pou aplikasyon efikas tout rekou yo.

Pwosedi doleyans sa a ka bay tou pou disiplin oswa rekòmandasyon pou disiplin kote yo te fè yon rezolisyon sou responsablite pou asèlman seksyèl kont moun ki akize a. Seri disiplin ki posib yo

ka soti nan konsèy vèbal jiska ekspilsyon. Yo pral pouswiv rekòmandasyon pou disiplin yo dapre règleman ak pwosedi Distri ki aplikab yo ansanm ak lwa eta ak federal ki aplikab yo.

ÈSKE GEN YON OPSYON POU REZOLISYON ENFÒMÈL?

Nan ka ki konsène yon plent sou asèlman seksyèl yon elèv kont yon lòt elèv, Distri a ka bay pati yo opòtinite pou yo patisipe nan yon pwosesis rezolasyon enfòmèl. Pwosesis rezolasyon enfòmèl sa a ka fèt nenpòt ki lè apre yon plent fòmèl te depoze men anvan yo te pran yon rezolasyon konsènan responsablite a.

Yon pwosesis rezolasyon enfòmèl **pa** ka fèt oswa aplike kote akizasyon yo enplike yon anplwaye asèlman seksyèl yon elèv.

Distri a dwe jwenn konsantman alekri volontè pati yo pou pwosesis rezolasyon enfòmèl la. Kowòdonatè Title IX la dwe bay pati yo tou yon avi alekri sou kontni fòmèl plent alekri a ak sou pwosesis Distri a pwopoze pou rezolasyon enfòmèl la.

Distri a dwe fè pati yo tou konnen nan nenpòt moman anvan yo dakò ak yon rezolasyon ki soti nan yon pwosesis rezolasyon enfòmèl, nenpòt pati gen dwa pou yo soti nan pwosesis rezolasyon enfòmèl la epi rekòmanse pwosesis doleyans la konsènan plent fòmèl la.